

## Sèvis El nou yo nan tan COVID-19

Mwen apresye anpil tan nou pase ak Sèvis Entèkansyon Bonè a (EI). Depi tchekòp eskanè prenatal 18 semèn anvan nesans la, nou te konnen deja ke Sèvis EI ta pral enpòtan nan lavi nou. Mwen pa ka imajine lavi m san vilaj espesyal mwen vinn rasanble pandan avanti sa a. Ti demwazèl mwen an pral byento gen 3 zan depi premye evalyasyon EI nou an te fèt anvan li te gen 3 mwa.

Pou plis pase dezan edmi, kalandrye mwen an te bonbade ak vizit pou terapi, epi lè vizit sa yo tounen apèl videyo nan Zoom, nou vinn resanti chanjman sa sou plizyè nivo. Anvan pandemi an, nou te gen jiska 4 a 5 vizit pa semèn ak espesyalis devlopman nou an, fizyoterapis, terapi okipasyonèl (ègoterapis), terapi lapawòl ak *Akwa Terapi*. 5 founisè sèvis swen sante EI sa yo te travay ansanm ak enfimiyè pitit fi mwen an, papa l, grann mè l, enfimiyè ranplasan li a ak mwen. Terapi an pèsòn la pèmèt kokenn "ti bouk" moun sa a travay ansanm sou kwasans anjeneral pitit fi nou an. Lè nou te kòmanse ak EI, apèn si li te kapab kenbe tèt li dwat, kounye a li kapab mache lè li gen sipò yon machin tibebe (Walker).

Kou mitan mwa mas 2020 te rive, mesaj ki soti nan founisè sèvis sante nou yo te di: "Nou pa ka vin lakay ou akòz COVID epi nou pa konnen kilè nou ap kapab vini ankò." Yon milyon bagay gen tan pase nan tèt mwen, men pi gwo kesyon ki trakase paran yo pandan prèske yon 1 lane se: "Èske pitit mwen pral regrese, ki vle di ale pi mal, epi nan ki mezi li pral regrese?"

Premye kesyon mwen te gen pou reponn se te: "Èske ou vle patisipe nan sesyon terapi vityèl?" Malgre ke anpil fanmi te chwazi pou yo pa patisipe nan sesyon vityèl EI yo, fanmi mwen te chwazi kontinye resevwa EI.

Se konsa, nou deside pran sitiyoasyon an jan li ye a, epi nou jere li jan nou kapab. Li pa t fasil pou nou, ni pou pitit fi mwen an, epi pasyans nou rive bout plizyè fwa. Mwen te kapab wè fristrasyon pitit fi mwen an lè li pa te kapab bay yon papach oswa yon akolad orevwa. Apre yon ti tan, sesyon Zoom sa yo te vin yon abitud pou nou. Ekip sèvis swen lasante nou an ki te senk (5) moun vinn redwi a twa (3) moun poutèt revokasyon ak fèmti sant kominotè yo.

Li te difisil, reyèlman difisil. Gen jou lè mwen mande "poukisa nou ap fè sa?" Anvan pitit fi mwen an t ap vire libelibè nan kay la, men kounye a li mare sou chèz wo li l ap eseye bay terapi la ki sou lòt bò ekran an atansyon.

Santiman kilpabilite matènèl la te lou. "Èske mwen fè pitit fi m jistis - poutèt mwen pa yon terapis mwen pa resevwa fòmasyon sou bagay sa yo!?! "Kikote li ta ka ye si nou pa te kole dèyè yon ekran kounye a?" Nan lè sa yo, mwen sonje twa rezon poukisa mwen te di wi pou terapi adistans ak EI. Se poutèt antan ke paran, mwen pral bouje syèl ak tè pou eseye ede pitit mwen an gen siksè. Temèt siksè pou jodi a se aprann li sèvi ak règ gramè, swa retire stickers k ap dekalè, oswa ede li mache nan tout kay la ak Walker koulè wouj violèt anpenpan li an.

Pandemi sa a vire tout bagay tèt anba. Anpil fanmi te mennen pitit yo nan sèvis pou kliyan egzeyate poutèt yo pa te ka travay ak swen adistans nan videyo Zoom yo. Nou chak gen yon sistèm sipò ki diferan nan lavi nou. Si w k ap li lèt sa a epi ou se yon terapis, tanpri pran sa a kòm yon eskiz pou tout fwa paran yo louvri sesyon Zoom etan yo gen pijama sou yo epi fè tèt ou vire nan eseye navige kamera a etan pitit nou yo pa sispann bouje. Paran parèy mwen yo, ki kenbe ti bebe / timoun piti yo nan terapi vityèl nan tout tan pandemi a, konnen ke ou pa poukont ou. Pou timoun yo ak tout lòt moun ki kole dèyè yon ekran televizyon oswa òdinatè, pran konfyans ke w ap fè yon bon travay!

Depi laperèz ki te anvayi m ak dyagnostik gwo 18 semèn la, mwen vin aprann abòde lavi a jou pou jou, pou pa di èdtan pou èdtan. Pa gen anyen ki garanti nan lavi a. Sa banm gwo tristès anmè pou wè EI a fini epi lekòl matènèl la pral byento kòmanse. Sa mwen pa ta bay pou nou te ka refè 6 mwa edmi ki sot pase yo, men fanmi m an sante epi pitit fi m kontan. Kontinye kanpe pou pitit ou ak fanmi ou. Platfòm lan gen dwa chanje, men objektif la pa chanje: ede fanmi yo pou yo ede pitit yo.

Malgre se te yon batay, gras ak bon konsèy nou yo, ak astis entelijans, epi ak atansyon nou pou nou tande pwoblèm mwen yo, mwen travèse peryòd difisil sa pi byen pase si mwen te eseye navige l pou kont mwen. Pa bay legen, terapis etonan sa yo ap fè tout sa yo kapab.